



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU 665 MILYON DOLA POU RANN PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO LOKAL YO ABÒDAB ATRAVÈ ETA NEW YORK

Gen ladan plis pase 450 milyon dola pou finanse pwojè dlo pwòp nan Vil New York

Apwobasyon asistans finansye a otorize aksè minisipal nan kapital ki nesèsè pou pwojè ki diminye risk sou sante piblik ak anviwònman an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) te apwouve 665 milyon dola asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti idwolik nan Eta New York. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan finansman nan pri ki ba ak sibvansyon ki te anonse anvan pou fè inogire pwojè enfrastrikti anviwònmantal enpòtan yo, tankou pwosesis tretman pou retire kontaminan k ap parèt nan dlo potab yo.

"Okenn moun nan New York pa ta dwe janm pè pou yo pa gen aksè ak dlo pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk finansman sa a, n ap pwoteje sante ak byennèt Nouyòkè yo, bay resous enpòtan pou ekonomi lokal yo, n ap kreye djòb ak pwoteje resous natirèl nou yo."

Investisman jodi a gen ladan plis pase 450 milyon dola nan finansman nan pri ki ba pou Vil New York, ki finanse totalman demann vil la pou asistans finansye pou 13 pwojè egou. Aksyon an ranfòse wòl kle Eta a nan avanse objektif dlo pwòp Vil la ak minimize enpak finansye pwojè enpòtan sa yo sou kontribiyab lokal yo. EFC pran angajman pou l asire amelyorasyon enfrastrikti dlo vil la abòdab. Anplis finansman ki te apwouve jodi a, EFC te egzekite yon [vant obligasyon 717 milyon dola](#) pi bonè ane sa a pou finanse pwojè k ap kontinye ak pwojè yo fini, sa ki te ekonomize kontribitè vil yo 183 milyon dola.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo, Maureen A. Coleman, te deklare, "Depi premye jou a, Gouvènè Hochul te ensiste, epi EFC te pran mezi pou asire ke Nouyòkè yo kapab genyen istèm dlo potab ak sistèm dlo pwòp ki fyab. Investisman 665 milyon dola jodi a nan plizyè douzèn pwojè enfrastrikti anviwònmantal se yon kontinyasyon angajman sa a. Soti nan North Country rive nan Vil New York ak odela,

asistans finansye EFC pral inogire pou pwojè enpòtan ki pwoteje sante piblik ak amelyore kalite dlo pandan y ap pwoteje pòch Nouyòkè yo."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la, Sean Mahar, te deklare, "Gras ak lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul ak investisman istorik li nan dlo pwòp, finansman jodi a pral dirèkteman ede minisipalite yo ak amelyore enfrastrikti dlo atravè eta a ak yon temwayaj sou patenarya eta ak lokal ki nesèsè pou pwoteje resous dlo nou yo. An patikilye, plis pase 454 milyon dola pou amelyore operasyon debòdman dlo ize Vil New York nan zòn Gowanus nan Brooklyn pral dirèkteman adrese pwoblèm kalite dlo nan zòn nan epi ogmante aksyon vil la, Eta a ak federal pou asire pwoteksyon sante piblik la ak anviwònman an. DEC felisite kòlèg nou yo nan EFC paske yo avanse finansman enpòtan sa a ki bay kominote yo opsyon abòdab pou pwoteje dlo pwòp pou tout Nouyòkè yo."

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye suiv angajman li pou asire Nouyòkè yo gen aksè ak dlo pwòp ki potab. Sipò finansye nan dènye anons sa a pral soulaje anpil fado finansye sou minisipalite k ap chèche fè amelyorasyon enpòtan nan sistèm dlo yo, tankou retire kontaminan danjere yo. Dlo pwòp ki potab se baz bon sante epi Eta New York pral kontinye travay ak kominote yo pou asire li pwoteje jodi a ak alavni."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "Eta New York kontinye fè investisman san parèy nan enfrastrikti dlo pwòp, ki se fondasyon esansyèl pou kominote ki an sante, ki rezistan ak dirab. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul pran pou 665 milyon dola nan sibvansyon ak finansman nan pri ki ba pou amelyore enfrastrikti dlo enpòtan yo epi kreye kominote ki pi solid ak pi rezistan pou jenerasyon k ap vini yo."

Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare, "Lwa Bipatit sou Enfrastrikti Administrasyon Biden-Harris la kontinye bay yon gwo ogmantasyon pou pwojè enfrastrikti dlo enpòtan nan New York ak atravè peyi a. Investisman rekò eta ak federal yo pral asire bon jan kalite dlo potab ki pi an sekirite epi bay sistèm tretman dlo ize dènye modèl pou pwoteje sante kominote nou yo ak ekosistèm presye nou yo."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Soti nan Albany pou rive nan Konte Ulster, lajan ap enjekte soti nan Lwa sou Investisman & Travay pou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Investment & Jobs Act) nou an pou asire dlo potab ki san danje epi ki pwòp pou fanmi yo, epi fè amelyorasyon enpòtan pou kenbe bèl vwa navigab NY yo san ekoulman dlo egou yo. Gwo investisman federal sa a pral amelyore sistèm dlo potab ak egou nan chak kwen nan Empire State la, pandan y ap pwodui yon seri travay ki byen peye. Pandan twò lontan, vil yo ak kominote riral yo atravè NY yo te fè fas ak enfrastrikti dlo ki aje, men kounye a, gras ak finansman federal istorik mwen te jwenn, nou finalman chanje pwen. Mwen fyè pou m bay 77 milyon dola sa a nan finansman BIL ak Gouvènè Hochul pou kenbe sistèm dlo nou yo an sekirite epi pwòp pou tout Nouyòkè yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen te souvan di chak lavi ak chak travay depann de dlo; reyalyite debaz sa a se rezon mwen te travay pandan plizyè ane nan Kongrè a pou ogmante investisman federal nan inisyativ dlo pwòp. Mwen te pwofondman fyè pou m avanse Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la pou adrese sistèm dlo Etazini yo ki an defayans, epi mwen kontan wè dola kritik sa yo kontinye ap koule nan kominote nou yo. Mwen pral kontinye travay pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak dlo pwòp ki san danje."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Dlo pwòp enpòtan anpil pou tout kominote yo epi anons jodi a asire ke rezidan yo nan distri mwen an gen aksè ak dlo pwòp pou bwè, san kontaminan, ke yo ka konte sou yo. Mèsi Gouvènè Hochul ak manm Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònman la paske yo envesti gwo finansman sa a ak resous enpòtan yo pou amelyore dlo pwòp pou tout Nouyòkè yo, kèlkeswa revni yo."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Fanmi atravè Hudson Valley a ta dwe sèten dlo k ap soti nan tiyo a an sekirite pou bwè. Mwen fyè pwojè sa yo, ki alimente pa envestisman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral Istorik la, pral ede bay dlo potab ki pwòp, kreye bon jan travay sendika, ak bati enfrastrikti rezistan fas ak klima k ap pwoteje kominote nou yo pou jenerasyon k ap vini yo. M ap kontinye goumen pou pote investisman federal lakay pou asire tout fanmi Hudson Valley gen aksè a dlo pwòp."

Reprezantan Dan Goldman, te deklare, "Retire kontaminan nan dlo potab nou an se pa yon pwoblèm ke nou ka jis kontinye repouse – li mande aksyon imedyà. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul pou efò li fè pou akselere pwosesis sa a, bay minisipalite yo finansman yo te tèlman bezwen pou netwaye vwa navigab yo ak rezèv dlo yo – ki gen ladann atravè pwojè diminisyon debòdman egou konbine Kanal Gowanus la. Ansanm, n ap asire sante ak sekirite kominote nou yo toujou vini an premye."

Konsèy la te apwouve sibvansyon ak finansman yo bay gouvènman lokal yo ki soti nan Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF), ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), ak finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (BIL) la. Pwofite finansman Eta a ak investisman BIL la pral kontinye bay kominote lokal yo pouvwa pou yo fè amelyorasyon enpòtan nan sistèm yo pou pwoteje sante piblik, pwoteje anviwònman an, ranfòse preparasyon pou klima kominote yo, epi ankouraje devlopman ekonomik. Se EFC ki administre finansman BIL pou enfrastrikti dlo ak egou atravè pwogram Fon Woulman Eta a (State Revolving Funds). Nan kad Kongrè a, yo sible finansman BIL la pou kominote defavorize yo.

Pwojè dlo pwòp yo:

- **Otorite Finans Dlo Minisipal Albany** - sibvansyon 1,680,000 dola ak 1,680,000 dola finansman san enterè nan men BIL pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon dlo lapli.

- **Vil Amstèdam** - sibvansyon 8,758,500 dola ak 7,041,500 dola finansman san enterè ki soti nan men BIL, ak yon sibvansyon 4,300,000 dola WIIA pou, konsepsyon ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize.
- **Vilaj Holley** - 2,061,338 dola finansman san enterè ak 783,016 dola finansman nan to mache a nan men CWSRF, ak yon sibvansyon WIIA 405,646 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize ak amelyorasyon dezenfeksyon yo.
- **Vil Kingston** - 4,080,000 dola sibvansyon BIL pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon izin tretman dlo ize ak amelyorasyon devèswa yo.
- **Otorite Minisipal Finansman Dlo Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority)** - 454,275,734 dola finansman nan men CWSRF pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon pwojè ki asosye ak enstalasyon rekipèrasyon resous dlo Wards Island, Bowery Bay, Jamaica, Coney Island, Red Hook, ak Owls Head; pwojè pou diminye debòdman dlo egou konbine Kanal Gowanus la; ak plizyè estasyon ponpaj.
- **Konte Oneida** - sibvansyon 10,538,500 dola ak finansman 7,701,000 dola ak 817,750 dola san enterè ki soti nan men BIL; 817,750 finansman san enterè ki soti nan men CWSRF; ak yon sibvansyon WIIA 6,625,000 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon yon pwojè reyabilitasyon sistèm koleksyon.
- **Vil Poughkeepsie** - 3,303,958 dola finansman san enterè ak 7,732,138 dola finansman nan to mache a nan men CWSRF, ak yon sibvansyon WIIA 691,904 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon ki asosye ak demenajman yon estasyon ponpaj.
- **Vilaj Remsen** - 152,500 dola sibvansyon ak 278,500 dola finansman san enterè nan men BIL, ak 256,892 dola finansman nan to mache a nan men CWSRF pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon yon etablisman dezenfeksyon tretman dlo ize.
- **Vil Savannah** - 151,232 dola sibvansyon ak 425,632 dola finansman san enterè nan men BIL, finansman 149,984 dola ak finansman 597,536 dola san enterè nan to mache a nan men CWSRF, ak yon sibvansyon WIIA 75,616 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon yon sistèm dezenfeksyon nan izin tretman dlo ize a.
- **Vilaj Sherburne** - sibvansyon 8,887,500 dola ak 9,862,500 dola finansman san enterè ki soti nan men BIL; 10,000,000 dola finansman nan to mache a ki soti nan men CWSRF; ak yon sibvansyon WIIA 8,729,104 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize.
- **Vilaj Tivoli** - sibvansyon 6,696,575 dola ak 8,971,191 dola finansman san enterè nan men BIL pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan sistèm koleksyon ak tretman dlo ize.

Pwojè Dlo Potab:

- **Vil Beekmantown** - 838,166 finansman nan to mache a nan men DWSRF ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou idantifye lokal pou nouvo pi, devlopman de a twa nouvo pi rezèv dlo anba tè, konstriksyon yon izin tretman dlo ki ekipe ak

dezenfeksyon chimik, ak kanal transmisyon pou konekte pi yo ak izin tretman dlo a.

- **Distri Dlo Carle Place** - 4,589,400 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon yon sistèm tretman absòpsyon Kabòn Aktive Granilè (Granular Activated Carbon, GAC) ak ekipman ki asosye nan PI 3 ak 4 pou trete kontaminasyon asid pèfliyowo-oktanoyik (PFOA) ak asid pefliyowoktán silfonik (PFOS).
- **Vil Elizabethtown** - sibvansyon 1,815,000 dola ak 1,901,000 dola finansman san enterè nan men DWSRF pou enstalasyon de nouvo pi pwodiksyon, konstriksyon yon izin tretman dlo ki ekipe ak dezenfeksyon chimik pou nouvo pi yo, reyabilitasyon yon izin tretman dlo ki egziste deja ki itilize dezenfeksyon chimik pou pi ki deja egziste yo, ak divès kalite amelyorasyon sistèm dlo ki gen ladan enstalasyon kòf kontè yo, kanal transmisyon ki soti nan pi yo pwopoze a nan nouvo izin tretman an, ak kanalizasyon sit ki gen rapò ak li.
- **Vilaj Endicott** - Asistans finansye pou de pwojè:
 - 4,491,285 dola san enterè ak 8,982,568 dola finansman nan to mache a ki soti nan men DWSRF, ak yon sibvansyon WIIA 5,000,000 dola pou tretman dlo adisyonèl pou retire kontaminasyon fè, manganèz ak 1,4-dyoksán.
 - 2,924,087 dola finansman san enterè nan DWSRF ak de sibvansyon WIIA ki totalize 4,386,131 dola pou devlopman yon nouvo sous dlo pou ranplase yon sous dlo ki deja kontamine.
- **Vilaj Frankfort** - 3,385,000 dola finansman san enterè nan DWSRF ak yon sibvansyon 3,000,000 dola WIIA pou plizyè amelyorasyon nan sistèm distribisyon dlo a ak sit pi a.
- **Vilaj Hamburg** - Sibvansyon WIIA 5,000,000 dola pou enstalasyon yon nouvo rezèvwa dlo ki mezire 1.25 milyon galon, nouvo kanal transmisyon ki mezire apeprè 6,000 pye lineyè, ak yon nouvo estasyon ponpaj.
- **Vilaj Mineola** - Sibvansyon WIIA 5,000,000 dola pou enstalasyon yon nouvo sistèm filtraj GAC pou retire PFOA ak PFOS nan Pi No. 1 an.
- **Vilaj Odessa** - sibvansyon 708,392 dola BIL ak yon sibvansyon 2,996,295 dola WIIA pou yon pwojè de faz. Faz I gen ladan I enstalasyon apeprè 20,000 pye tiyo kanalizasyon dlo an PVC C-900 pou ranplasman ki mezire 6, 8, 10 ak 12 pous ak ekipman ki asosye yo. Faz II gen ladan devlopman yon nouvo izin tretman dlo pou filtraj sous ki egziste deja yo, ranplasman ponp pi, ak enstalasyon tout ekipman tretman ak kontwòl ki asosye yo.
- **Distri Dlo Roslyn** - 2,984,700 dola Sibvansyon WIIA ak pou enstalasyon yon sistèm tretman GAC nan Izin No. 5 pou retire PFOS.
- **Otorite Dlo nan Konte Suffolk** - 1,850,000 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon apeprè 21,000 pye lineyè konduit dlo nan Vilaj Calverton.

Pwojè refiansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo

Konsèy la te pran mezi tou pou asire abòdabilite kontinyèl epi alontèm pwojè ki egziste yo. Konsèy la te apwouve finansman alontèm, san enterè ki totalize plis pase 24 milyon dola pou pwojè Vil Kingston, Vil Rockland, ak Vilaj Copenhagen, Hammondsport, Ilion, ak South Glen Falls te fè yo.

Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refinance finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo. Sa se yon ogmantasyon sou benefis sibvansyon EFC administre yo. Baze sou kondisyon aktyèl mache yo, yo prevwa ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribiyab yo ekonomize yon estimasyon 38 milyon dola sou tout dire lavi finansman yo.

Angajman New York pou Kalite Dlo

Eta New York kontinye ogmante envestisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2024 Gouvènè Hochul te anonse a, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a.

Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite envestisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou ti kominote epi ki defavorize yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)